



**DEPATMAN SÈVIS DEVOPMANTAL YO
BIWO OTIS
40 Broad Street, 4th Floor, Boston, MA 02109**

MESAJ POU FANMI TIMOUN PITI KI GEN OTIS

**Yon Mesaj Enpòtan pou Fanmi Massachusetts
Ki Gen Timoun Ki Poko Gen 10 An
Ki Dyagnostike ak Twoub Echèl Otis
Peryòd Aplikasyon Demann: 17 oktòb 2025 rive 31 oktòb 2025**

Biwo Otis ki fè pati Depatman Sèvis Devlopmantral (DDS) la gen yon Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis ki bay entèkansyon dirèk pou ede timoun ki gen otis e ki gen gwo pwoblèm konpòtman, sosyal ak kominikasyon. Yo ede yo pa mwayen yon sèvis ki rele **Adaptasyon Apwonfondi, Edikasyon** (sèvis ak sipò konsantre ki fèt lakay). Sèvis sa a konn fèt lakay timoun nan, oswa nan yon kad natirèl, anba sipèvizyon yon pwofesyonèl ki gen fòmasyon pou sa, e sèvis sa a disponib pandan yon total 3 an. Epitou, pwogram nan bay sèvis sipò parèy tankou aktivite entegrasyon, fòmasyon fanmi, ak repo fanmi. Lè 3 an sèvis konsantre yo fini, yon timoun gendwa jwenn aksè a lòt sèvis ki konble bezwen li yo e k ap ede l tranzisyon soti nan pati konsantre Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis la jiskaske timoun nan vin gen 10 an.

Kalifikasyon yo: ou dwe ranpli kritè nesèsè sa yo pou patisipe nan pwogram egzansyon sa a:

1. Fòk timoun nan **dyagnostike** avèk Twoub Echèl Otis e fòk sa **konfime**. Depatman Sèvis Devlopmantral gendwa verifye sa.
2. Fòk timoun nan poko rive nan 10 an laj. Timoun ki fèk fèt rive nan laj 9 an mèt patisipe.
3. Fòk timoun nan rete nan eta Massachusetts.
4. Fòk swen timoun nan bezwen rive nan nivo pou l resevwa sèvis nan yon Sant Swen Entèmedyè pou moun ki gen Andikap Entelektiyèl (ICF/ID) selon evalyasyon DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL.
5. Fòk fanmi an chwazi pou timoun nan resevwa sèvis yo lakay li e nan kominote a.
6. Fòk yo ka sèvi timoun nan an sekirite nan kominote a.
7. Fòk timoun nan gen yon reprezantan ki responsab li selon lalwa pou dirije sèvis ak sipò pwogram nan.
8. Fòk timoun nan kalifye selon ajans MassHealth pou benefis MassHealth Nòmal yo, selon revni fanmi an. **Pou fanmi ki poko fè aplikasyon pou MassHealth, fòk yo fè sa lè yo ranpli Fòmilè Demann Ouvri pou Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis.** (Sou paj ki vin apre a, w ap jwenn enstriksyon sou kòman pou w fè yon aplikasyon pou MassHealth)

Tout sèvis yo egzije timoun nan pou l kontinye ranpli kalifikasyon finansye ak kalifikasyon medikal Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis pandan tout tan li enskri ladan l.

Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis la ap kontinye sèvi timoun ki gen otis e ki ranpli kondisyon pwogram nan jiskaske yo rive gen 10 an laj. Aprezan, pwogram nan gendwa sèvi anviwon 500 timoun chak ane. Pwogram Egzansyon pou Timoun ki Gen Otis la gen kèk plas limite (50 plas pou tout eta a) pou timoun 3 an k ap tranzisyon soti nan Entèkansyon Bonè. Gen anpil timoun k ap kite pwogram nan chak ane; kidonk, nou pran timoun ki sou lis Demann Ouvri sa a pou n konble plas vid yo. Biwo Otis la ap ofri yon opòtinite pou moun ranpli aplikasyon pou yo mèt non yo sou lis aplikan apwouve yo pa mwayen yon peryòd aplikasyon demann ouvri. Dènye fwa Biwo Otis te òganize demann ouvri se te nan oktòb 2024.

Peryòd Demann Ouvri a ap kòmanse 17 oktòb 2025 rive 31 oktòb 2025. Tanpri asire w voye Aplikasyon Demann Ouvri a PA LAPÒS oswa PA IMÈL soti nan dat 17 oktòb 2025 rive 31 oktòb 2025. Biwo Otis la pral jete aplikasyon li jwenn anvan oswa apre dat sa yo. Depatman Otis la PAP AKSEpte aplikasyon yo livre an pèsòn. Si w te soumèt yon aplikasyon pandan dènye peryòd demann ouvri a nan oktòb 2024, OU DWE SOUMÈT YON NOUVO APLIKASYON POU 2025.

Fason pou patisipe nan pwosesis Demann Ouvri a:

1. Chèche yon kopi Aplikasyon Demann Ouvri a

- Tanpri kontakte Sant Sipò Otis ki nan zòn ou (afiche) pou mande yon Aplikasyon Demann Ouvri a.
- Gen Sant Sipò Otis ki disponib pou ede w ranpli aplikasyon an.
- W ap jwenn tout fòmilè yo sou sitwèb DDS la www.mass.gov/DDS anba tit “Sèvis Egzansyon Otis DDS yo” (“DDS Autism Waiver Services”).
- YON SÈL APLIKASYON POU CHAK TIMOUN – Y ap jete aplikasyon ekstra yo

2. Konplete Aplikasyon Demann Ouvri a. W ap bezwen:

- dat nesans pitit ou
- nimewo sekirite sosyal pitit ou
- nimewo idantifikasyon MassHealth pitit ou

3. Soumèt Aplikasyon Demann Ouvri a:

a. Pa Lapòs

- Fòk aplikasyon yo gen tenb lapòs sou yo ki di yo te voye l anvan dat 31 oktòb 2025
- Tanpri ranpli fòmilè a avèk yon plim e ekri yon fason klè
- Tanpri voye fòmilè pa lapòs nan: *(Biwo Otis la pa gen posibilite aksepte fòmilè yo an pèsòn)*
DEPARTMENT OF DEVELOPMENTAL SERVICES
AUTISM DIVISION
ATTN: Children’s Autism Waiver Program Open Request
40 Broad Street, 4th Floor,
Boston, MA 02109

b. Pa Imèl

- Fòk ou voye tout aplikasyon yo nan AutismDivision@mass.gov
- Fòk se sèlman paran oswa responsab timoun nan ki voye tout aplikasyon yo dirèk
- Fòk yo voye tout aplikasyon yo ant dat soti 17 oktòb 2025 - 31 oktòb 2025
- Ou mèt ranpli fòmilè a sou nèt, oswa ou mèt enprime l, ranpli l yon fason klè ak yon plim, epi skane l e voye l nan yon imèl
- Fòk yo voye fòmilè afiche yo nan fòm ki vin apre yo: PDF (prefere), JPG si li klè
- Si w ap sèvi ak yon telefòn entelijan oswa yon tablèt, telechaje yon apli pou skane dokiman yo epi voye l pa mwayen yon fichye PDF.

c. Sou Entènèt

- Fòk Aplikasyon an konplete pa mwayen link sa a: [Aplikasyon Demann Ouvri pou AWP 2025](#)
- Ou kapab ranpli Aplikasyon an lè ou skane kod QR sa a:



- Fòk tout aplikasyon yo konplete sou entènèt ant dat soti 17 oktòb 2025 - 31 oktòb 2025

Se yon priyorite Biwo Otis nan DDS la pou asire pwosesis pou fè demann patisipasyon nan Pwogram Egzansyon pou Timoun ki gen Otis yo (AWP) disponib pou fanmi ak timoun ki gen otis ki soti nan divès lang ak kilti. Materyèl yo disponib nan lang arab, chinwa (mandarin ak kantonè), kreyòl ayisyen, kreyòl kap vèdyen, fransè, pòtigè (brezilyen ak ewopeyen), espayòl, tik, vyatnamyen, nepali ak somalyen.

Yo ofri patisipan yo sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo gratis

Fason pou fè aplikasyon pou MassHealth: Ou kapab sèvi ak nenpòt mwayen ki vin apre pou ranpli yon aplikasyon MassHealth:

- Si w gen yon kont, konekte sou <https://www.mahealthconnector.org/> epi ranpli yon aplikasyon MassHealth
- Si w pa gen yon kont, fason ki pi vit se pou w ranpli yon aplikasyon sou entènèt epi kreye yon kont an sekirite sou sitwèb [mahealthconnector.org](https://www.mahealthconnector.org/).
- Ranpli e siyen fòmilè [Aplikasyon Massachusetts pou Benefis Sante ak Dantal ak Èd pou Peye Depans](#) epi voye l pa lapòs nan:
Health Insurance Processing Center
P.O. Box 4405
Taunton, MA 02780
Oswa voye yon faks nan 1-857-323-8300
- Rele Sèvis Kliyantèl pou Manm MassHealth yo nan 1-800-841-2900
 (TTY: 1-800-497-4648 pou moun ki soud, ki tande di, oswa ki gen andikap pale) oswa 1-877-MA ENROLL (877-623-6765).

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Egzansyon Otis la, kontakte Sant Sipò Otis ki nan zòn ou, oswa voye yon imèl nan AutismDivision@mass.gov oswa rele Biwo Otis DDS nan 617-624-7778.

<https://www.mass.gov/dds-childrens-autism-waiver-service-program-overview>

Massachusetts Wès

Autism Connections, a Program of ServiceNet
 11 Village Hill Road
 Northampton, MA 01060 | (413) 585-8010

Massachusetts Sant

Autism Resource Center, A Program of Advocates
 712 Plantation Street
 Worcester, MA 01605 | 508-835-4278

Metwo Wès Boston

Autism Alliance, A Program of Advocates
 1881 Worcester Rd, # 100A
 Framingham, MA 01701 | 508-652-9900

Vil Prensipal Boston

Vinfen
 1208A VFW Parkway
 West Roxbury, MA 02132 | 617-206-5038

Konte Norfolk

Lifeworks: The Family Autism Center
 789 Clapboardtree Street
 Westwood, MA 02090 | 781-762-4001

Massachusetts Sidès

Community Autism Resources (CAR)
 40-A Dean St,
 Taunton, MA 02780 | 508-379-0371

Massachusetts Nòdès

Northeast ARC (NEARC) The Autism Support Center
 100 Independence Way-Suite D3
 Danvers, MA 01923 | 978-777-9135